

## КАДÆМÆ КА БÆЛЛУЙ, Е КАДИ ГЪУДДÆГУТÆ КÆНУНМÆ ГЪÆУАМА ТУНДЗА!..

*ХЕТÆГКАТИ Геуæрги (1903-1975), Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар: «Алцæмæй æнхæст æфсæддонæн исгъомбæлгæнæн нæййес, не 'фсади евгъуд æхсаргин цаутæмæ æргом æнæздахгæй. Æма æригон æфсæддон æнхæстæй ку балæдæра, æхемæ ке райста æма идарддæр ке хæссуй хестæр фæлтæрти тугъдон кадæ, айдагъдæр гъе уæд сæрбæрзондæй æма зæрдæхцæуæнæй æнхæст кæндзæнæй æ уæззау æфсæддон куст».*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№40 (865) 2022 анзи 22 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман


## АХСГИАГ ХАБАР



## ЦÆМÆЙ ÆДАС УА НÆ ФИДИБÆСТÆ...

**Уæрæсей ædaсдзийнади Совети арæзт æмбурди дзубанди кæнгæй, нæ бæсти Президент Владимир Путин фегъосун кодта, 20 октябрæй фæстæмæ Лугански æма Донецки Адæмон Республикити, уæдта Запорожье æма Херсони облæстти æфсæддон угæ исæвæруни туххæй Укази æ къох ке æрæвардта, уой.**

Æфсæддон угæвæрди фæткæ ци амонуй? Закъонмæ гæсгæ, хецауадæмæ ес аллихузон мадзæлттæ æнхæст кæнуни барæ, хецауеуæггæнæг адæймæгутæмæ ес:

► игъосункæнуйнæгтæн æфсæддон цензурæ исфедар кæнун æма телефонти дзубандитæмæ игъосуни барæ;

► тæккæ фулдæр 30 сутки æмгъудмæ адæми æма транспорти фæрæзнитæ уорамуни барæ;

► æхсæнадон фæтки, уæдта æфсæддон, ахсгиаг паддзахадон æма сæрмагонд объектти гъæуайкæнуйнадæ фæккарз кæнуни барæ;

► комендантон афони гъæунгтæмæ æма æндæр æхсæнадон бунæттæмæ адæми нæ уадзуни барæ;

► регионæй идарддæр адæми нæ уадзуни, кенæ син сæ рацæуни гæнæнтæ фæццубурдæр кæнуни барæ;

► гъæуайкæнуйнади домæнтæн дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæй пайда кæнуни барæ;

► адæми дзаумæутти, уæдта син сæ цæрæнуæтти æма транспортон фæрæзнити деголæ кæнуни барæ;

► гъæуайкæнуйнади домæнтæн косæндæнтти æма адæми есбойнадæ, æ аргъ ин бафедгæй, тæлæт кæнуни барæ;

► гъæуайкæнуйнади домæнтæн куститæ æнхæст кæнунмæ, цардефтонгади ихæлд системитæ нæуæгæй аразунмæ, уæдта зингисервæзтити нихмæ тох кæнунмæ адæми æрбакæнуни барæ.



ЦÆЛЛАГТИ Виктори конд хузæ «Адæми арфæ».

# «СУМАХ АЙТÆ УÆРÆСЕЙ ÆМА ИРИСТОНИ НИФС ÆМА СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ!..»

Сæрмагонд тугъдон операцимæ гæсгæ хайон фæдздзурдæй Уæрæсей Гæрзефтонг Тухти рæнгъитæмæ ке байагурдтонцæ, еци æфсæддонти еума къуар бабæй æрæги Дзæуæгигъæуæй ранæхстæр æнцæ сæ хъазауатон балций.

Уони рафæндараст кæнуни æма син нифсдæттæн арфитæ ракæнуни фæдбæл арæзт сæрмагонд мадзали архайдтонцæ нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло, Парламенти Сæрдар Тускъати Таймораз, æфсæддон комиссаради минæвæрттæ, республики æхсæнадæ, дини косгутæ, седтонтæн сæ хæстæгутæ.

Æмбурди радзубанди кæнгæй Сергей Меняйло загъта:

– Фæндараст кæнетæ, биццеутæ! Сумах куд æцæг лæгтæ, уотæ уæхемæ райстайтæ, нæ фидтæлтæй нин ци æнæмæнгæ райаразуйнаг гъуддæгутæ байзадæй, уони кæрæйкæронмæ рахъæртун кæнуни ихæс. Æма ми федарæй æруагæс кæнуй, æнтæстгинæй æй ке исæнхæст кæндзинайтæ, е. Уомæй хъæбæрдæр ба уин мæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй дзæбæхæй уæ хæдзæрттæмæ исæздæхайтæ уæлахези хæццæ æма сæрæгасæй. Сумах айтæ Уæрæсей æма Иристони сæрустурдзийнадæ.

Уæлдай зæрдибун зæгъуйнæгтæ ба республики Сæргълæууæг загъта æфсæддонти хеуæнттæн.

– Нæ биццеутæ цæунцæ се 'фсæддон ихæс æнхæст кæнунмæ. Райгурæн бæстæ сæмæ фæдздзурдта æма æнæдузæрдугæй, нифсгунæй аразий дзуапп равардтонцæ. Хъазар хæстæгутæ æма æмбæлттæ!

Лæдæрун уин уæ уавæр, фал уæддæр уæмæ разиннæд хъаурæ не 'фсæддонти зæрдхъурмæй нæ, фал сæ игъæлдзæгæй рафæндараст кæнунæн. Е син агъазиау уодæнцойнæ уодзæнæй.

Нуртæккæ æфсæддон операций ци нæлгоймæгтæ архайуй, уонæн нифситæ æвæрун гъæуй, сæрустур си ке ан, уой гъæуама зононцæ.

Нур цалдæр мæйи служби ка 'й Донбасси, еци æмзæнхонтæй сæрустур ан, зæрдиагæй син зæгъæн, боз си ке ан, уой. Зин уавæрти нацистти хæццæ нур аст мæйи тох кæнуй къуар «Аланистон». Æртæ мæйи – къуар «Иристон». Хумæтæг уавæрти нæ 'нцæ, фал сæ размæ æвæрд ихæстæ, æнæмæнгæ, исæнхæст кæнун нæ бон бауодзæнæй.

Мæ зæрдæ дзоруй алкæмæ дæр, сæ еугуремæ дæр. Алке бæдолæ дæр мæнæн хъазар æй.

Гъе уотемæй, нифсдæттæн æма разæнгардгæнæн фæдзæхстити хæццæ рафæндараст кодтонцæ Иристони дзиллæ сæ тугъдонти сæрмагонд тугъдон операций Уæрæсей æдасдзийнади сæрбæлтау тохмæ…

## ЦÆГАТ ИРИСТОНИ РАЗАГЪДИ ЛÆГТÆ ÆМА АХСГИАГ ЦАУТÆ



Не 'мзæнхон номдзуд тугъдон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Хъибизти Николайи фурт Александри райгурдбæл 27 октябри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1912-2001). Æхсаргинæй архайдта Мæску багъæуай кæнуни, Курски, Днепри сæрти бахезуни, немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй Украинæ æма Польшæ исуæгъдæ кæнуни æма Устур Фидибæстон тугъди æндæр агъазиаудæр тугъдтити.

*Хъибизти Александри цардвæндаги туххæй æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.*



Финддæс æма цуппаринсæй анзей размæ (1927 анзи 27 сентябри) Хъобангоми арфи, Къæхтисæри дæлвæзи, æхсæрдзæн Пурти дæнтти гур-гурæй тухгиндæр ке цийнæ иссæй, уæхæн бæрæгбон арæзт æрцудæй. Арæзт ба æрцудæй агъазиау цауи фæдбæл – аци рауæн Цæгат Иристони дзиллæ бавналдтонцæ, уæди рæстæги нæ бæсти тæккæ бæрзонддæр хуæнхон рауæни дони тæккæ тухгиндæр æфсæрсти Гизæлдони гидроэлектростанций арæзтадæмæ. Е иссæй нæ бæсти тæккæ хъазауатондæр арæзтæдтæй еу æма фæррæстмæ 'й – абони дæр ма æнтæстгинæй косуй.

*Гизæлдони гидроэлектростаций арæзтади туххæй æрмæг кæсетæ 6-7 –аг фæрстæбæл.*


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Æрæдойнаг лæхъуæн Устур Фидибæстон тугъди рæстæг фронтæй ци финстæг исæрвиста, уоми финста: «Мах рæнгъон тугъдонтæ æма командиртæ зæрдибунæй уотæ зæгъæн: кенæ мæлæт, кенæ уæлахез. Æндæр над нин нæййес. Уогæ нæ мæлун нæ фæндуй. Ке зæгъун æй гъæуй, цæрун хуæздæр æй, æма алцидæр исараздзинан,*

## ХУАРЗ ХАБАР – РАЗÆНГАРДГÆНÆГ!..

Цæгат Иристони æма Хъæрæсе-Черкесий разамонгутæ Сергей Меняйло æма Рашид Темрезов æрдзубанди кодтонцæ дууæ цæгаткавказаг республикей ’хсæн æмгустадæ рапарахат кæнуни æма социалон-экономикон къабæзти фæлтæрддзийнадæй кæрæдземæн агъаз кæнуни фарстатæбæл.

* * *

**«Æфсади кадæнгитæ», зæгъгæ, федералон телеканал «Æстъалу»-йи сæрмагонд программи кезуй рауагъд нивондгонд уодзæнæй номдзуд тæхæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар Дзусати Ибрагимæн. Æвдист ба райдайдзæнæй 23 октябри 12 сахатти æма 15 минуттебæл.**

* * *

Цæгат-Кавказаг Суворовон æфсæддон училищей адтæй æхсардзийнади урок. Суворовонти хæццæ фембæлдмæ æрбацудæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ.

Дæлболкъон **Сафар Гусейнов** æма хестæр лейтенант **Кирилл Юхлов** æвзонг фæсевæди хæццæ дзубанди кодтонцæ æхсардзийнадæ, ихæс æма еузæрдиуондзийнадæбæл. Дзурдтонцæ син, кæддæр сæхуæдтæ дæр æфсæддон дæсниадæ куд æвзурстонцæ, æфсæддон исунмæ, службæ кæнунмæ айдагъ хъæбæр хуарз физикон цæттæдзийнадæ ке нæ гъæуй, фал ма гъæддух психологон уавæр дæр, еци менеугутæбæл.

* * *

**Национ проект «Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ»-йи онкологон незти нихмæ тохи фæдбæл сæрмагонд программæмæ гæсгæ нæ республикон онкологон диспансерæн æлхæд æрцудæй 74 миллион сомей аргъ ефтонггæрзтæ. Еуетæ си нерæнгæ æвæрд æрцудæнцæ, иннетæ ба гъæуама исхъæртонцæ аци анзи кæронмæ.**

* * *

Цалдæр социалон хемæрайст ихæси æнæгъæнæй дæр исæнхæст кæнунæн федералон бюджетæй нæ республикæ ци æхцай фæрæзнитæ райста, уонæй 336 миллион соми уæлæнхасæн дехгонд æнцæ, 3 анземæй 7 анзи кæбæл цæуй, еци сувæллæнттæн феддонтæн, 85,7 миллион соми ба æртиккаг æма фулдæр сувæллæнтти райгурди фæдбæл аллимæйон феддонтæн. Уомæй уæлдай уæлæнхасæн ма дехгонд æрцудæй 67,5 миллион соми кæлæдздзаг хæдзæртти цæргути уордигæй аккаг цæрæн рауæнтæмæ раййевунæн паддзахадон программæ æнхæст кæнуни туххæй.

* * *

**Ногири культури Хæдзари ансамбль «Цæхæртæ», æ сæргъи Шевердова Гаэнэ, уотемæй æнтæстгинæй архайдта «Хæрдæлвæст æстъалу», зæгъгæ, сценикон аййевади Æхсæндуйнеуон фестиваль-конкурси. Æма се ’мгæрон æрлæууæг си нæ разиндтæй – «Адæмон кафт», зæгъгæ, ериси авд аййевадон хуземæй еугуреми дæр иссæнцæ уæлахезон, лæвæрд син æрцудæй фиццаг къæпхæни лауреатти хуæрзеугутæ.**

* * *

Нæ республики туризми фæдбæл Комитет есуй курдиæдтæ аци къабази архайдæн грантти хузи субсидитæ райсуни туххæй. Курдиæдтæ ист цæудзæнæнцæ комкоммæ Комитети 28 октябри уæнгæ 9 сахаттемæй ба 18 сахаттемæ.



# СÆ РОХС НÆМТТÆ ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНАГ УОДЗÆНÆНЦÆ НÆ ДЗИЛЛÆН

Мæздæги районæй рацæуæг фондз лæхъуæни – хестæр прапорщик **Корнеев Дмитрий Александри фурт**, хестæр прапорщик **Густомясов Олег Николайи фурт**, хестæр сержант **Хусаинов Исламдин Камали фурт**, рæнгъон **Зеленский Георгий Сергейи фурт**, лейтенант **Давыдов Вадим Юрийи фурт** – сæрмагонд тугъдон операций архайуни рæстæг се ’фсæддон ихæс рæстуодæй æнхæст кæнгæй, бæгъатæрæй фæммард æнцæ. Уæрæсей Президенти Указмæ гæсгæ сæ алæмæттаг æхсардзийнади туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ (фæсмæрдæ) Лæгдзийнади ордентæй. Сæ еци хуæрзеугутæ син сæ бийнонтæмæ æрæги равардта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Уой фæдбæл сæ хæццæ фембæлди рæстæг син зæрдхъурмæй ратæфирфæс кодта. Æма æ радзубандий загъта:

– Абони æз уæ хæццæ дзубанди кæнун куд республики разамонæг, уотæ нæ, фал куд хумæтæг адæймаг æма афицер. Лæдæрун æй, уæ зæрдрист уин нециуавæр зæгъдтитæй æрнидæнгæнæн ес, фал уæддæр æнæзæгъæн нæййес уой, æма, аци лæхъуæнтæ сæхе бавдистонцæ æцæг бæгъатæртæй, нæ Райгурæн бæстæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау тохи бацæугæй... Æз дæр уæ хæццæ еци зæрдристæй хъонц кæнун, не ’хсæнæй ке фæгъгъудæнцæ, уобæл. Аци уæззау уавæри æнæзæгъгæ нæ дæн уой дæр, æма уин арфæ кæнæн уæхæн аккагæй-аккагдæр фурттæ, лæгигъæдгун лæгтæ, тугъдонтæ ке исгъомбæл кодтайтæ, уой туххæй. Сæ рохс нæмттæ æностæмæ цитгийнаг уодзæнæнцæ нæ дзиллæн...

## АХСГИАГ ФАРСТА

# ÆФСÆДДОНТИ ФÆЛЛОЙНИ БАРТÆМÆ – ЦÆСТДАРД

Фæллойнадæ гъæуайкæнуйнади ведомствити республикон къамиси æмбурди дзубанди цудæй граждæнти фæллойни бартæ гъæуай кæнуни паддзахадон политики фарстатæбæл.

Нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** æ радзубандий бафæдзахста фæдздзурди архайæг граждæнти фæллойни бартæмæ цæстдаруни мадзæлттæ исаразун.

– Адæймаг гъæуама зона æма федарæй æууæнда, æ фæллойнадон бартæн, е ’нæнездзийнадæн тæссаг ке нецæмæй æй, уобæл.

Цæгат Иристони фæллойнæ æма социалон ирæзти министр **Айдарти Алинæ** куд фегъосун кодта, уотемæй Уæрæсей Президенти Указмæ гæсгæ хайон фæдздзурди рæстæг æфсадмæ ке байагоронцæ, еци адæймæгутæн сæ кустдæттгутæ æнæмæнгæ гъæуама багъæуай кæнонцæ сæ косæн бунæттæ. Фæллойнадон бадзурд ба служби рæстæгмæ уорæд æрцæуудзæнæй. Аци бардзурди бундорбæл, разамонæг гъæуама косæгæн еугур феддонтæ дæр бафеда. Хайон фæдздзурдæй исуæгъдæ уогæй, еугур косгутæн дæр барæ ес фæстæмæ сæ кусти бунæттæмæ æрæздæхунæн.

Министр ма куд фегъосун кодта, уотемæй нур куст цæуй, цæмæй Уæрæсей Федераций фæллойни Кодексмæ æма æндæр федералон закъонтæмæ хаст æрцæуонцæ гъæугæ æййивддзийнæдтæ фæдздзурди архайæг граждæнтæн сæ социалон-фæллойнадон бартæ æнхæстæй багъæуай кæнуни фæдбæл.

# В СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ ВВЕДЕН УРОВЕНЬ БАЗОВОЙ ГОТОВНОСТИ

Глава Северной Осетии Сергея Меняйло провел заседание Оперативного штаба, созданного в республике в связи с введением уровня базовой готовности. Указ, в котором, в частности, идет речь о формировании штабов, был подписан 19 октября президентом России Владимиром Путиным после расширенного заседания Совета безопасности РФ. В состав регионального штаба вошли представители органов исполнительной и законодательной власти, территориальных правоохранительных, надзорных ведомств и силовых структур.

Как отметил Сергей Меняйло, в соответствии с указом президента России, руководители регионов наделены полномочиями принимать решения о проведении мероприятий по защите населения от ЧС, а также снабжать всем необходимым военные подразделения, мобилизованных и оказывать поддержку военнослужащим и их семьям.

По словам главы республики, вводимые меры никак не повлияют на привычную жизнь гражданского населения. В то же время, профильным ведомствам поручено усилить обеспечение общественного порядка и безопасности, охрану военных, важных государственных и специальных объектов. Под строгую охрану берутся также объекты, обеспечивающие жизнедеятельность населения, функционирование транспорта, коммуникаций и связи, энергетики и представляющих повышенную опасность. Также согласно указу президента, предусматривается введение особого режима работы вышеназванных объектов, уточнил руководитель региона.



«Это необходимо сделать в кратчайшие сроки. Должны определить объекты критической инфраструктуры, которые у нас есть. Это тоннели, мосты, объекты энергосистемы и другие. Установить перечень реализуемых мер, сроки и особенности их реализации. Прошу обратить внимание: на сегодняшний день обстановка в Северной Осетии не вызывает опасений. Однако мы должны отслеживать ситуацию, контролировать ее и принимать меры в случае необходимости. Подойдите со всей ответственностью! Это касается не только руководителей различных государственных и муниципальных органов, силовых, правоохранительных, надзорных ведомств, но и всех структур, независимо от формы собственности», – подчеркнул Сергей Меняйло.

Он также поставил задачу организовать круглосуточное дежурство в районных администрациях: в режиме повышенной готовности должны быть и ресурсоснабжающие организации.

Напомним, 19 октября Президент России Владимир Путин подписал документ, который вводит четыре уровня готовности на территории государства: максимальный уровень реагирования в Донецкой и Луганской народных республиках, Запорожской и Херсонской областях; средний уровень реагирования – в приграничных с Украиной регионах РФ; уровень повышенной готовности – в других регионах Центрального и Южного федеральных округов; базовой готовности – в остальных субъектах Федерации.

***Сайт Главы РСО-А.***

**Уæрæсей тухи структурити сæрмагонд нисанеуæги хайæдти Бон бæрæггонд цæудзæнæй 24 октябри. Нисангонд æрцудæй Уæрæсей Президенти Указæй 2006 анзи 31 майи.**

*цæмæй мах цæрæн, знаг ба ниххауа циртмæ. Уæхæн æй нæ адæми фæдзæхст дæр... Социализми арæзтади нæ адæм адтæнцæ раззагдæрти хæццæ æма мах, сæ хъæболæ, знаги нихмæ тохи ходуйнаг не ‘рхæсдзинан нæ сæрмæ. Нæ адæми цæсгон нæ фæййазуймаг кæндзинан!..»*



# ÆФСÆДДОНТИ БИЙНОНТÆ ТУХСТ ГЪÆУАМА МАЦÆМÆЙ ÆЙЙАФОНЦÆ

**Хайон фæдздзурди тухæй Уæрæсей Федераций Президент В. Путини Указмæ гæсгæ нæ бæсти Гæрзефтонг тухти рæнгъитæмæ Цæгат Иристони цæргутæй ке байагурдтонцæ, уонæн, уæдта сæ бийнонтæн социалон агъази уæлæнхасæн мадзæлтти тухæй нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло бафинста сæрмагонд Указ, кæцими загъд ес:**



«Уæрæсей Федераций субъектон паддзахадон хецауадæ райаразуни еумæйаг бундорти тухæй» 2021 анзи 21 декабри Федералон закъони 48 статьямæ гæсгæ, уæдта, «Уæрæсей Федераций хайгай фæдздзурд раседуни тухæй» 2022 анзи 21 сентябри Уæрæсей Федерацийи Президенти Указ федаргонд ке ’рцудæй, уомæ гæсгæ, Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг тухтæмæ хайгай фæдздзурд фæлгæти æфсæддон службæмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий фæзуатбæл цæрæг еци граждæнти бийнонтæн фæййагъаз кæнуни нисани хæццæ еухаттон бафисти тухæй

**Унаффæ хæссун:**

1. «Уæрæсей Федераций хайгай фæдздзурд раседуни тухæй» 2022 анзи 21 сентябри Уæрæсей Федераций Президенти Указ (дæлдæр – 647-аг Указ) федаргонд ке ’рцудæй, уомæ гæсгæ, Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг тухтæмæ хайгай фæдздзурди фæлгæти æфсæддон службæмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий фæзуатбæл цæрæг еци граждæнтæн 30000 соми еухаттон агъаз Республикæ Цæгат Иристон-Аланий республикон бюджети харзæй исфедар кæнун.

2. Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауадæн:

1) 647-аг Указ федаргонд ке ’рцудæй, уомæ гæсгæ Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг тухтæмæ хайгай фæдздзурди фæлгæти æфсæддон службæмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий фæзуатбæл цæрæг еци граждæнтæн æхцай еухаттон бафист искæнуни тухæй уагæвæрдтæбæл бакосун æма сæ исфедар кæнун:

2) 647-аг Указ федаргонд ке ’рцудæй, уомæ гæсгæ Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг тухтæмæ хайгай фæдздзурди фæлгæти æфсæддон службæмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий фæзуатбæл цæрæг еци граждæнти бийнонтæн социалон агъази уæлæнхасæн мадзæлттæ исаразунбæл бакосун:

– Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Ахурадæ æма науки административ бæрни ка ес, скъолай агъоммæ ахурадæ æнхæстгæнæг паддзахадон еци ахургæнæндæнттæмæ æнæрадон фæткæмæ гæсгæ сувæллони хонуни барæ раттун, анз æма ибæл æрдæг куддæр исæнхæст уа, уотæ;

– бийнонтæн сæ цæрæн бунатмæ хæстæгдæр ка ’й, уотемæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахурадæ æма науки Министради бæрни ка ’й, еумæйаг ахурадæ æнхæстгæнæг еци ахургæнæндонæмæ сувæллони æндæр ахургæнæндонæй раййевуни барæ раттун æнæрадон фæткæмæ гæсгæ (еци ахургæнæндони бунат ку уа, уæд);

– Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахурадæ æма науки Министради бæрни ка ес, скъолай агъоммæ ахурадæ æнхæстгæнæг паддзахадон ахургæнæндонæмæ сувæллон ке цæуй, уоми имæ ке кæсунцæ æма имæ ке зелунцæ, уобæл федунæй бийнонти исуæгъдæ кæнун;

– Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахурадæ æма науки Министради бæрни ка ес, паддзахадон ахургæнæндæнтти сæ сувæллæнттæн, 1-11-аг къæласти ахурдзаутæн, бонæ дууæ хатти гъар хуæруйнаг лæвар дæттун (сехуар æма рæфтад);

– Республикæ Цæгат Иристон-Аланий паддзахадон профессионалон ахургæнæндæнтти астæуккаг профессионалон ахуради программитæмæ гæсгæ комкоммæ ахур ка кæнуй, еци студенттæн бонæ еу хатт гъар хуæруйнаг лæвар дæттун;

– Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахурадæ æма науки Министради бæрни ка ес, паддзахадон еци ахургæнæндæнтти скъоладзаутæн, æнæрадон фæткæмæ гæсгæ, фæсурокти къуармæ цæууни барæ раттун;

– Республикæ Цæгат Иристон-Аланий социалон æгъдауæй лæггадæгæнæг паддзахадон косæндæнттæн социалон лæггадæ æнхæст кæнун æрдæгстационарон хузи æма социалон лæггадæ кæнунмæ хæдзарæмæ цæуни хузи (бийнонтæ цæйбæрцæ ’нцæ, уæдта се ’фтуйæгтæ цæйбæрцæ ’нцæ, уомæ нæ кæсгæй):

– инвалид сувæллон ка гъомбæл кæнуй, еци бийнонтæн;

– æ карæмæ кенæ æ незмæ гæсгæ æхемæ зелун æ бон æнхæстæй кæмæн нæбал æй, еци рацæргæ адæмæн;

– 1-аг æма 2-аг къуари инвалидтæн;

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий социалон лæггадæгæнæг паддзахадон косæндæнттæн социалон æгъдауæй, тæккæ фиццаг, лæггадæ кæнун, стационарон хузи лæггадæкæнуйнагбæл нимад ка ’рцудæй, сæ бийнонти еци иуонгтæн, бийнонтæ цæйбæрцæ ’нцæ, уомæ нæ кæсгæй;

– сæ бийнонтæн син аккаг куст агоруни гъуддаги агъаз кæнун;

– профессионалон ориентаций син агъази мадзæлттæ аразун;

– ахурæй уæгъдæ рæстæг 14-18-анздзуд се ’нагъонтæн рæстæгмæ кусти бунæттæ агоруни агъаз кæнун;

– профессионалон ахуради, уæлæнхасæн профессионалон ахуради мадзæлттæ син аразун;

– социалон агъази, социалон æма æндæр бафиститæ райсуни тухæй бийнонтæн ци бартæ ес, уонæй пайда кæнуни гъуддаги син агъаз кæнун;

– бийнонтæн лæвар психологон агъаз цæмæй уа, уомæн син агъаз кæнун;

– æнæрадон фæткæмæ гæсгæ республики паддзахадон хецауади оргæнтæмæ кустмæ есун.

3. 647-аг Указмæ гæсгæ фæдздзурди фæлгæти æфсæддон службæмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, уони бийнонтæн дæлдæр амунд агъази мадзæлттæ исæнхæст кæнуни фарста бабарæ кæнун Республикæ Цæгат Иристон-Аланий бунæттон хеунаффæйади муниципалон оргæнтæн:

– скъолай агъоммæ ахурадон программитæ æнхæстгæнæг муниципалон ахургæнæндæнттæмæ æнæрадон фæткæмæ гæсгæ сувæллони раттуни барæ исæнхæст кæнун (бунат си ку уа, уæд);

– скъолай агъоммæ ахурадон программитæ æнхæстгæнæг муниципалон ахургæнæндони сувæллонмæ ке кæсунцæ æма имæ ке зелунцæ, уобæл федунæй бийнонти исуæгъдæ кæнун;

– муниципалон ахургæнæндæнтти 5-11-аг къæласти скъоладзаутæн бонæ еу хатт гъар хуæруйнаг лæвар дæттун.

4. Исбæлвурд кæнун, фæдздзурди фæткæмæ гæсгæ æфсæддон службæмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, уони бийнонтæмæ хаст ке цæунцæ:

– аци Укази 1 пунктмæ гæсгæ, – æфсæддонæн æ цардæмбал, æ ниййергутæ (кенæ ’й ка исхаста, етæ), сæ гъомбæл сувæллæнттæ, етæ ку нæ уонцæ, уæдта æфсæддонæн е ’нсувæртæ æма æ хуæртæ;

– аци Укази 2 пунктмæ гæсгæ, – æфсæддонæн æ цардæмбал, е ’нагъон сувæллæнттæ, æ ниййергутæ (кенæ ’й ка исхаста, етæ), æ евгъæдартæ.

Указ æ тухи цæуй, официалон æгъдауæй мухури ци бон рацудæй, еци бонæй фæстæмæ.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Номдзуд сирийаг финсæг Абуль-Фарадж финст алæмæттаг хабæрттæй еуеми дзубанди цæуй зундилæг Бузурджмихри тухæй. Уой ахæстдонæмæ ку фæммедæг кодтонцæ, уæд æй е ’мбæлттæ бафарстонцæ:*

*– Де ’намондздзийнади рæстæг дæхецæн нифситæ цæмæй æвæрис?*

*Е син загъта:*

*– Цуппар разагъдей фæрци. Фиццагидæр, мæхецæн фæззæгъун: алцидæр бæлвурдгонд æй карнæй æма уомæй фæттиллефгæнæн нæййес. Дуккагæй ба, мæхецæн фæззæгъун: еугæр еци фудæбæнттæй фæййервæзунæн мæ бон неци æй, уæд син фæразун гъæуй. Æртиккагæй ба, мæхецæн фæззæгъун: уомæн дæр уæн адтæй, æма уомæй никки тæссагдæр бахаудтайнæ. Цуппæрæймагæй ба, мæхецæн фæззæгъун: ка ’й зонуй, аци бæлахæй фæййервæзуни равгæ æрбахæстæг æй, æз ба ’й нæма зонун…*

* * *

Мах, Уæрæсей хуматæг дзиллæ дæр еци лæги уавæри ан. Ци фудвадуæттæй гъезæмарæ кæнæн, уони нин ка исаразта, етæ сæхуæдтæ бонгинæй-бонгиндæр цард кæнунцæ, махæн ба сæ фæливд дзубандитæй зæрдитæ æвæрунцæ, гъома, бабухсетæ, гъуддæгутæ сæ кеми æрцæудзæнæнцæ. Фал нæ уавæртæ ма ескæд фæххуæздæр уодзæнæнцæ, уой зонгæ дæр нæ кæнæн, уæдта ни е æруагæс дæр нæбал кæнуй…



**Михаил ДЕЛЯГИН, Паддзахадон Думи депутат: «Дæс æма инсæй анзей дæргъи чиновникти еу фæлтæр æййевуй инней, айдагъдæр еци-еу гъуддагæй архайгæй – давунæй. Сæ зингæ-зингæдæр хай расагъæс кæнунмæ дæр нæ гъавта уобæл, æма комкоммæ ихæсгин æнцæ æндæр хузи архайунæй…»**

* * *

Æма ’й нуриуæнгæ нæ балæдæрдтайтæ, хецаудзийнади бунæттæмæ æма депутаттæ исунмæ ка фæттундзуй, уонæн сæ сагъæс айдагъдæр уобæл фæууй, цæмæй еугурадæмон гонтæй тæлæт кæнунæн фулдæр равгитæ уа… Æма паддзахади медæгæ закъонтæ дæр сæхецæн пайдахæссæги хузи райаразунцæ…



**Александр ПРОХАНОВ, финсæг: «Æхсаргин уæрæсейаг æфсадæн абони нæ фагæ кæнуй æфсæддонтæ, æфсæддон гарзфæлуст æма балхонтæ…»**

* * *

Нæ бæсти Гъæуайкæнуйнади министради къабæзти ци аллихузон гъæндзийнæдтæ исберæ ’нцæ, етæ бæргæ зундгонд адтæнцæ, фал сæбæл æргомæй дзорун цидæр закъонмæ гæсгæ нæ уагътонцæ. Нур уавæр бустæги сагъæссаг ке иссæй, æвæдзи, уомæ гæсгæ уæхæн равгæ фæззиндтæй. Уотæ æнгъæлæн ес, е фæззиндтæй уæлдæр хецаудзийнади аразийæй – дзиллон хабархæссæг фæрæзнити ци уайдзæфгæнæг æрмæгутæ зиннун байдæдта, уони фæдбæл Уæрæсей Президенти пресс-секретарь Д. Песков дæр хуматæги нæ загъта, гъома, е æй «кустадон процесси хай».



**Аннæ ШАФРАН, теле- æма радиоамонæг: «Афонæ ’й хуæрзæгъдау исæвæрун ахуради дæр, культури дæр…»**

* * *

Фиццагидæр бал, æвæдзи, хуæрзæгъдау исæвæрун гъæуй, еци къабæзтæн разамунд ка дæттуй, уони зундирахасти. Кæд си уомæй неци уайуй, уæдта сæ раййевун гъæуй, гъуддæгутæ нæ паддзахади æма не ’хсæнади пайдайæн хуæрзгæнæггаг ка архайдзæнæй, уонæй. Уотæ ба бакæнун гъæуй æнæдзебæлæй – цалинмæ ма нин равгитæ ес нæ ахурадæ æма културæ сæ абоникон æдзæллаг уавæртæй ракæнунæн…

Уæрæсей таможенники Бон бæрæггонд цæудзæнæй 25 октябри. Нисангонд æрцудæй Уæрæсей Президенти Указæй 1995 анзи 4 августи.

***Хестæр æфсæддон фельдшер Мамукъати Иринæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг фронтæй æрвист финстæги уотæ финста: «Æз дæн зæронд партизан Мамукъати Соломони фурт Гаппой кизгæ. Мæ фидæй берæ хæттити фегъустон медбæстон тугъди рæстæг знæгти нихмæ куд æхсаргинæй тох кодтонцæ, уой.***


ХЪИБИЗТИ Александр е 'мтохгæнæг æмбæлтти хæццæ фембæлди рæстæг.

# Æрхастай ду кадæ де 'хсарæй, циттин æй нур махæн дæ ном...

…Польши зæнхæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити рæстæг Александр уæззау цæфтæ фæуугæй, бахаудтæй æфсæддон сæйгæдонæмæ. Æма ами радаргъ æнцæ æ гъезæмæртти бæнттæ… Æ бауæрбæл ин дохтиртæ банимадтонцæ дууадæс цæфи, уой дæр еу иннемæй уæззаудæр – æ сæр дæр, æ фарс дæр, æ дууæ къахи дæр уоййасæбæл гъигæдард æрцудæнцæ, æма син исдзæбæх кæнун бантæсдзæнæй, уомæй сауæнгæ тæккæ дæснидæр дохтиртæ дæр неци уоййасæбæл зæрдæ æвардтонцæ æ фæййервæзунбæл. Фал дессæгтæ дæр куд не 'рцæуй, уæлдайдæр ба адæймаг тухгин ку уа уоди федардзийнадæй, нифсгунæй ку æууæнда хуæздæрбæл. Æма æхсаргин тугъдон знæгтæбæл куд уæлахез кодта, уотæ фæуууæлахез æй мæлæтбæл дæр…

Æма 'й æфсæддон сæйгæдонæй фæндараст кæнгæй, æ дзæбæхгæнæг дохтир ин еци дестæгæнгæй дзурдта:

– Ду, Александр Николайи фурт, æфсæйнагæй дæр æндондæр адæймаг дæ. Ду… болатæй хотухдæр дæ!..

Æма дохтир æ уæлвонг зæгъдтитæй раст адтæй. Адæймагæн уоди хъаурæ æма фæразондзийнадæ кенæ æрдзæ раттуй, кенæ ба си æхсист исуй, царди аллихузон фæлтæрæнтæ бавзаргæй æма син ниффæразгæй. Хъибизти Александр еци менеугутæй фæххайгин æй дууердигæй дæр.

... Хъибизи-фурт райгурдæй Киристонгъæуи 1912 анзи 27 октябри зæнхкосæги хæдзари. Æ фидæ Никъала æма æ мадæ Сонайæн гъæубæсти медæгæ устур кадæ адтæй, сæ бийнонтæ нимад адтæнцæ, уомæн æма фæллойнæуарзагæй сæ зудтонцæ, Александр æма е 'нсувæртæ дæр хуæрзæригонæй архайдтонцæ еугур кустити дæр. Еузагъдæй, бийнонтæ сæхе хъиамæтæй сæ цард æнхæстæй аразунгъон адтæнцæ. Ку зæгъæн, уой туххæй син гъæубæсти 'хсæн кадæгонд кæд цудæй, уæддæр си соцъагæнгутæ дæр разиндтæй. Е рабæрæг æй, советон доги райдайæни коллективизаций рæстæг – уæд æдзæстуарзонтæ сæ илгъаг миутæй байархайдтонцæ, цæмæй еци рæстзæрдæ, сæхе фæллойнæй сæхе дарæг бийнонтæ бахаудтайуонцæ кулакти нимæдзæмæ.

Уæхæн номхигъдмæ хаст ка 'рцæуидæ, етæ хъæбæр уæззау æфхуæрдтитæ баййафиуонцæ. Æма уомæ гæсгæ ба 1933 анзи Хъибизти Никъалайи бийнонтæ дæр фæллигъдæнцæ Ашхабадмæ.

Еци рæстæгутæ имисгæй, Александр уотæ дзоридæ:

– Устур Фидибæстон тугъд мæ æрæййафта Ашхабади. Тугъди фиццаг бæнттæй фæстæмæ курдтон, цæмæй мæ фронтмæ рарвистайуонцæ. Фал... Айдагъдæр 1942 анзи исарази æнцæ мæ хæццæ. Кавалеримæ мæ бæргæ фæндаттæй, фал æрвист ба æрцудтæн танкон æфсæдтæмæ...

Тугъди цæхæри фиццаг хатт бахаудтæй 1942 анзи августи, Нигулæн фронти рæнгъити уогæй… Фал ин си берæ рæстæг тох кæнун нæ бантæстæй, фæццæф æй. Æртæ мæйей дæргъи фæцæй æфсæддон сæйгæдони, уой фæсте ба æрвист æрцудæй ахургæнæн полкмæ. Ами æнтæстгинæй исахур кодта хуæдтолгæ дзармадзани куст.

Хъибизти Александр 1943 анзи апърели, 1454-аг хуæдтолгæ артиллерион полкки рæнгъити уогæй, тухтæй Центрон фронти, архайдта Курски къæлæти тугъдтити. Курски тугъд адтæй Дуккаг дуйнеуон тугъди тæккæ агъазиаудæртæй еу. Ами кæрæдзей нихмæ æгъатир тохи бацудæнцæ советон æма гермайнаг æндон танкон æфсæдтæ.

Хъибизи-фурт ке рæнгъити адтæй, еци 1454-аг хуæдтолгæ артиллерион полк гъæуама æрфедар адтайдæ сахар Понырийы рази. Карз тугъд райдæдта 1943 анзи 5 июли. Хъибизти Александр ци хуæдтолгæ артиллерион экипажи адтæй, е, æртæ боней дæргъи уæззау тугъдтити рæстæг римæхст рауæнтæй æхсгæй, ниддæрæн кодта знаги фараст танки æма фашисттæй ба дууинсæй. Еци танкитæй фондз басугътонцæ Александр æма е 'мбæлттæ.

Æхсæз боней дæргъи гитлерон æфсæдтæ лæбурдтонцæ размæ, сæ «тигртæ» æма «фердинандтæ» бурдæнцæ æма бурдæнцæ мулдзугути хузæн, мадта сæ артиллери дæр не 'нцадæй, уæларви ба байеудагъ æй хуæдтæхгути мæлæтдзаг тох. Понырийи размæ еци æнæрлæугæ тугъди къуæрей дæргъи гитлеронти бон бацæй æдеугурæй 3-4 километри размæ бацæун. Тугъди будури ба пурхгондæй ниууагъта 300 танкемæй фулдæр. Знаги размæмпурстæн æверхъау цæфтæ никкæнгæй, не 'фсæдтæ рацудæнцæ нихмæнимпурстити.

Станцæ Малоархангельскбæл тугъдтити 1943 анзи 17 июли знаги дзармадзани нæмуг исæмбалдæй Хъибизи-фурти хуæдтолгæ дзармадзанбæл. Уæззау цæф фæцæй механик-скъæрæг Александр Казаков, фæццæф æнцæ хуæдтолги командир æма æхсæг. Кæстæр сержант Хъибизти Александр контузи фæцæй. Уæззау рист æма сæри зилдæн ниффæразгæй, æ еугур хъауритæ æрæмбурд кæнгæй, Александр исбадтæй æскъæрæги бунати æма хуæдтолгæ еци æндиудæй тундзтæй знаги нихмæ. Е адтæй хъæбæр æхсаргин миуæ. Уой туххæй зундгонд æфсæддон историк æма финсæг Мурити Дадо æ киунугæ «Иристони бæгъатæр фурттæ», зæгъгæ, уоми уотæ финста: «...Хуæдтолгæ цудæй размæ. Знаги дзармадзани нæмгутæй зæнхæ æ алливарс рæмугъта, уотæ кастæй, æма цæсти фæнникъулдмæ хуæдтомæй нецибал райзайдзæнæй, ниппурхæ уодзæнæй. Фал минуттæ кæрæдзей æййивтонцæ, хуæдтолгæ ба гъæддухæй цудæй размæ, æ дзармадзан æхста æма æхста.

Хъибизи-фурт кæсæнæй рауидта знаги танкæ, фехста æй æма уомæн еу усмæ æ мæсуг æ бунати нæбал адтæй. Æ надбæл февзурдæй æндæр танкæ, уой фæсте дзармадзан. Æнæнгъæлти Хъибизи-фуртæн æ хуæдтолгæ бахаудтæй знаги æфсæдти астæумæ. Фал уомæй æгириддæр нæ фæкъкъех æй е 'мбæлтти хæццæ – æгъатирæй дæрæн кодтонцæ гитлеронти дзармадзанæй, пулеметæй, æмпурстонцæ сæ сæ хуæдцæугæ цæггин цæлхити буни. Уæдмæ нæуæг исрæмугъд хæрдти фесхъеун кодта хуæдцæугæ. Æнай-æнойти Александр рауидта, ци дзармадзанæй сæ фехстонцæ, уой. «Агъа, мæнæ кæми дæ!..» – æ фурмæстæй цæфсгæй, исдзурдта советон тугъдон, раздахта æ дзармадзан, нигъгъавта... Фехсун æ бон нæбал иссæй. Дзармадзан фехалдæй.


ХЪИБИЗТИ Александр е 'мтохгæнæг æмбæлтти хæццæ.

***Нур Сурх Æфсади рæнгъити уогæй, хуæздæр лæдæрун райдæдтон мæ уарзон фиди дзубандити арф медес.***
***Ходуйнаг уодзæнæй махæн, нæ фидтæлтæ нин ци сæребарæ цард æрхастонцæ, уой, æма нæ райгурæн зæнхæ немуцаг куйтæн æма лæгхуартæн ку раттæн, уæд...»***





ХЪИБИЗТИ Александр æ цардæмбал æма æ фурти хæццæ.



ХЪИБИЗТИ Александр Кисловодски 17-аг рæвдауæндони арæзт патриотон гъомбæлади мадзали рæстæг.

Æма уæд æ хуæдцæугæ фескъардта знаги дзармадзанмæ. Уой рауингæй, немуцæгтæ фæууагътонцæ сæ тохæнгæрзтæ æма аллирдæмæ ледзæги фæцæнцæ»...

Устур лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, дууæ танки æма дууæ дзармадзани ке ниддæрæн кодта, уой туххæй Александр хуарзæнхæгонд æрцудæй Устур Фидибæстон тугъди II къæпхæни орденæй. Е адтæй бæгъатæр тугъдони фиццаг хуæрзеуæг.

Уой фæсте 1454-аг полкки райста нæуæг тохæнгæрзтæ æма архайдта танкити 3-аг æфсади рæнгъити Днепри сæрти бахезунбæл... 1943 анзи ноябри райдайæни архайдта Киев немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни фæдбæл нимпурстити. 4 ноябри тухтæй Киеви размæ минкъий гъæу Бапачийи алфамбулай рауæнти. Еци рæстæг фескъуæлхтæй лейтенант Петр Фомичеви хуæдтолгæ дзармадзани экипаж. Тохæнгарзи командир адтæй Хъибизти Александр. Знаг балæдæрдтæй, æртухстæй син тæссаг ке æй уой, æма фæстæмæ ледзун райдæдта. Еци рæстæг багъудæй взводи, уæлдайдæр ба Фомичеви экипажи лæгдзийнадæ равдесун. Фиццаг римæхст рауæнæй ниппурхæ кодтонцæ знаги техникæ, уой фæсте ба æнæнгъæлти еци-еу æмпурст никкодтонцæ ледзæг колоннæмæ, фашисттæн сæ сæр сæ буни фæцæй. Устур зæрантæ æрхастонцæ знагæн нæ тугъдонтæ 9 ноябри поселок Попельняйи размæ. Дæс æма æртинсæй танкемæй фулдæр рацудæнцæ нæ артиллеристи нихмæ æмпурсти. Знаги дæс танки томар кодтонцæ Фомичеви экипажмæ. Хуæдцæугæбæл исуадæй нæмуг, æ фарс фæцъцъасæ 'й. Фæммард æй лейтенант Фомичев, экипажи иуонгтæ еугурæйдæр контузи фæцæнцæ. Æма командири ихæстæ æхемæ райста Хъибизти Александр.

Уотемæй ма ниппурхæ кодтонцæ знаги фондз танки. Дзармадзан фехалдæй, фал уæддæр хуæдцæугæ æ тохун нæ ниуууагъта – æ цæлхити буни лицъæ кодта фашистти.

Хуæдцæугæ дзармадзанти полк 1944 анзи æрвист æрцудæй 1-аг танкити гвардион æфсадмæ æма Хъибизи-фурт æ идарддæри тугъдон нæдтæбæл рандæй еци æфсади рæнгъити. Архайдта Сандомири плацдарми уæззау тугъдтити.

Уотемæй 1945 анзи январи 1-аг Белоруссаг фронти æфсæдти хæццæ бахъæрттæй Висли билгæрæнттæмæ, æмпурстонцæ размæ – Нигулæнмæ. Фиццаг гвардион танкон æфсад, Варшавæй еуværсти æздæхгæй æма немуци фæстæмæледзæн нæдтæ рахгæнгæй, дæрæн кодта знаги тухтæ. Хъибизи-фурти хуæдцæугæ дзармадзани экипаж пурхæ кодта æ нихмæлæууæг знаги техникон фæрæзнитæ æма æфсæддонти, фиццаг бахизтæй цæугæдон Пилици сæрти. Уоми ци устур бæгъатæрдзийнадæ равдиста, уой туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Тугъдон Сурх Турусай орденæй. Æ полк архайдта польшаг сахартæ Лович, Лодзь, Гнезен, Мезерити, Швибус немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити. 1945 анзи 29 январи танкисттæ бахизтæнцæ гитлерон Германий зæнхæмæ, байахæстонцæ цæугæдон Одери нигулæн билгæрони нимпурсæн бунат æма сæхе цæттæ кодтонцæ идарддæр Берлин байсуни нимпурстмæ.

Мартъий Хъибизи-фурт архайдта Скæсæн-Померанiаг нимпурстити, Балтий денгизи билгæрæнттæмæ рацæуни тугъдон операцити.

Гитлеронти сæйраг лæгæт Берлин байсунбæл тугъдтитæ райдæдтонцæ 16 апърели. Еци тугъдтити рæстæг Хъибизи-фурт равдиста устур бæгъатæрдзийнадæ æма ин уой туххæй лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Еци ном ин раттун æма бавдесуни гæгъæдити куд амунд æрцудæй, уотемæй Берлини тугъдтити рæстæг Хъибизи-фурт ниддæрæн кодта знаги æртæ танки «Тигр», дууæ танки «Пантера», танкити нихмæ тохæг æртæ дзармадзани, еу дот, станокбæл æвæрд æхсæз пулемети, уæдта фашисттæй æртинсæйей бæрцæ. 22 апърели фиццаг бампурста Берлинмæ, æрлæудтæй Шпрейи билгæрон æма исаразта фадуат не 'фсæдтæн еци дони сæрти бахезунæн. Еци тугъдтити рæстæг Александр фæцæф æй. Знагæн ци зæрантæ æрхаста, уони нимайгæй ма сæбæл бафтауæн ес, æртæ анзей дæргъи тогкалæн тугъдтити Хъибизи-фурти хуæдцæугæ дзармадзани экипаж ке ниддæрæн кодта, знаги еци 24 танки, 62 автомашини æма бронетранспортери, 28 дзармадзани æма минномети, 57 пулемети, дæсгай блиндажтæ æма дзоттæ.

Уæззау цæфтæ фæууогæй, берæ аллихузон операцитæ операцитæ ин искодтонцæ, æ уавæр хъæбæр тæссаг адтæй, куд фæззæгъунцæ, цард æма мæлæти æхсæн лæудтæй... Фал уæддæр æхсаргин тугъдон фæууæлахез æй адзалбæл... 1945 анзи кæрони исæздахтæй æ райгурæн Иристонмæ. Æхе дзæбæх кодта Кисловодски. Е 'нæнездзийнадæ ку фæффедар æй, уæд косун райдæдта адæмон хæдзаради. Æ тугъдон хуарзæнхитæбæл ма бафтудæнцæ фæллойнадон хуарзæнхитæ дæр.

...Уæдæй цæйбæрцæ æнзтæ рацудæй. Куд фæззæгъунцæ, рæстæг догъон бæхау æй. Адæймаги цард размæскъæфгæй ин æ карнæ куд исфедаун кæнуй берæ хуæрзведауцæ гъуддæгутæй, уотæ ин æ уæлзæнхон царди рæстæг æнæхатирæй дæр рацубуртæ кæнуй. Абони Советон Цæдеси Бæгъатæр Хъибизти Александр не 'хсæн нæбал æй – æ рохс дуйнейæй рацох æй 2001 анзи, цитгинæй æй Иристони байвардтонцæ Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи. Уогæ адæмæн берæ хуæрзти ка бацудæй, æ сæрбæлтау ка бахъиамæт кæнуй, уони ном æносон æй, адæм сæ сæ зæрдити дарунцæ, имисунцæ сæ. Æма Хъибизти Николайи фурт Александри рохс ном дæр абони иронх нæй, нæ адæми æма нæ Фидибæсти сæрбæлтау ци берæ арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхтæй, етæ нимади æнцæ – æ райгурæн Киристонгъæуи æ ном абони хæссуй фиццаг астæуккаг скъола, уой фæрсбæл ин æвæрд ес мемориалон фæйнæг, Дигорай Кади Аллейи ба ин æвæрд ес циртдзæвæн-бюст, уæхæн циртдзæвæн ма ин æвæрд ес Дзæуæгигъæуи цуппæрæймаг гимназий дæр, адæмон зартæгæнгутæ æ кадæн исаразтонцæ зартæ...

* * *

*Аци æрмæг бацæттæ кодтан нæ редакцион архиви æрмæгутæмæ гæсгæ. Уæлдай арфæ ба кæнæн Дигорай Цæголти Геуæргий номбæл музейи коллективæн, мæнæ абони Хъибизти Александрæн ци къартæ мухур кæнæн, уонæй нин ке фæййагъаз кодтонцæ, уой фæдбæл.*



Аци циртдзæвæн-бюст ХЪИБИЗТИ Александрæн æвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи цуппæрæймаг гимназий 2017 анзи майи.

***ГУЛЧЕТИ ЕПО***

## ХЪАЗБЕГИ ХОНХÆН

***(Советон Цæдеси Бæгъатæр Хъибизти Александрбæл зар)***

*Рацотæ фæдесмæ, карз тохмæ!*
*Нæ бæстæ ку содзуй зингæй.*
*Райсетæ хуæцæнтæ уæ къохмæ.*
*Нæ уарзон сахъ болат фурттæ!*

*Бæгъатæр, дæ танкæй Берлинмæ*
*Æзнæгти пурхгæнгæ цудтæ.*
*Хуæддзоти æдæрсгæ карз тохти*
*Æрвистай мæлæттæмæ, бæргæ.*

*Кавказæй сауæнгæ Берлинмæ*
*Уæлахез æдæрсгæй хастай.*
*Фашистти карз тохи хæстæгмæ*
*Сау пурхæ, иуонгæсаст кодтай.*

*Нæ тарстæ лæгмартæй, карз тохи,*
*Хъибизти Къалай фурт, тугъдон.*
*Æрхастай ду кадæ, де 'хсарæй.*
*Кадгин æй нур махæн дæ ном.*

*Рейхстагæн исхизтæ æ цъонгмæ,*
*Нимайгæй дæ уæззау цæфтæ.*
*Дзиллæ дин ку систа бæрзондмæ*
*Дæ кадæ, бæгъатæр зæрдæ.*

*Хъазбеги уорс хонхæй æрттевуй*
*Дæ реубæл æстъалу фæрнæй.*
*Дæ зарæг азæлдтæй æносмæ,*
*Хъибизти æнхуæцфарс, гъæрæй.*
*1977 анз*



ХЪИБИЗТИ Александрæн циртдзæвæн сахар Дигорай астæу Кади Аллейи.

*Евгъуд æноси 1953 анзи англисаг æхсæнадон архайгутæ Советон Цæдеси балций уогæй бабæрæг кодтонцæ Цæгат Иристон æма уой фæдбæл Лондони рауагътонцæ киунугæ «Нæуæгæй ка райгурдæй, еци адæм». Ци еуæндæс сæргондемæй арæзт адтæй, уонæми дзубанди цудæй советон адæми агъазиау æнтæстдзийнæдти, хумæтæг дзиллæн фæллойнæ кæнунæн,*



# Æ РОХСÆЙ ИРИСТОН НИРРОХС ÆЙ



**ПАГÆТИ Хъазбег**
(1939-2018),
æхсæнадон архайæг

Гизæлдони ГЭС арæзт æрцудæй 1934 анзи, адтæй Цæгат Иристони нæ, фал Советон Цæдеси уæди рæстæги фиццаг уникалон æма историон арæзтæдтæй еу, кæци æрхаста рохс нæ сахартæ æма гъæутæмæ, электрон тухæ лæвардта заводтæ æма фабриктæн, уой фæрци æнтæстгиндæр кодта сæ фæллойнадон архайд, сæ размæцуд фæйййагъазиаудæр æй республики промышленности еугур къабæзтæн дæр, æхебæл исхуæстæй айдагъ Цæгат Иристони нæ, фал æнæгъæнæ Цæгат Кавкази адæмон хæдзарадæ дæр. Уой фæрци фæззиндтæй берæ нæуæг кустуæттæ æма косæн бунæттæ. Хуæздæр кодтонцæ адæми царди уавæртæ.

Æригон Советон Уæрæсей кæд æма Цæгат Иристонæй берæ устурдæр облæсттæ æма крайтæ, сæдæгай сахартæ адтæй, уони рази нæ минкъий Иристон бæрæг дæр нæ адтæй, уомæ гæсгæ ба уæхæн ГЭС мах республики исаразуни фæндæ хаст ке æрцудæй, е Иристонæн адтæй кади гъуддаг.

Гизæли гъæусовети уæди сæрдар Пагæти Хасанбег куд радзурдта, уотемæй нæ номдзуд лæгтæй еу, Цæгат Иристони индустриализаций фæдбæл хъæбæр ка бахъиамæт кодта, еци Баймæтати Циппу дони электростанцæ исаразуни туххæй æ курдиади хæццæ гъæусоветмæ ку 'рцудæй, уæд ин гъæусовет æма партион организаци зæрдæ байвардтонцæ фæйййагъаз кæнунæй æма сæ дзурд æнхæст кодтонцæ.

Гизæли гъæуæй еци устур арæзтадæмæ, уæлдайдæр ба нæдти арæзтадæмæ æрвист æрцудæй берæ бæхуæрдунгинтæ, сæ фурразæнгардæй ма æргъуди кодтонцæ, сæ уæрдунти идзаг гуффитæ æнцонтæй раревæдгæнæн ке фæрци адтайдæ, уæхæн фæрæзнитæ.

Цæмæй арæзтади куститæ æнтæстгинæй цудайуонцæ, уой туххæй имæ фиццагидæр исаразун гъудæй бацæуæнтæ, нæдтæ. Гъæуама си косгутæн цæрунæн æма косунæн цæттæгонд æрцудайдæ гъæугæ фадуæттæ æма мадзæлттæ.

Арæзтади генералон пълан æма проектмæ гæсгæ нæдтæ æма электролинитæ исаразуни фарста баст адтæй электростанций арæзтади хæццæ. Æма фиццагидæр бавналдтонцæ нæдтæ аразуни гъуддагмæ. Арæзтади проекти амунд куд адтæй, уотемæй сæ аразун гъудæй Дзæуæгигъæуæй Гизæлмæ, Гизæлæй Хъобанмæ, уæдта Садони æрзæткъахæнтæмæ.

Гъæдгæройнаг Чехти Габола мин куд радзурдта, уотемæй нæдтæ аразуни гъуддаг байхæс кодтонцæ Уæллаг æма Дæллаг Санибай, Майрæмадаг, Дзиуаригъæу, Къодахгин, Хæтæлдон, Суадаг, Берæгъзæнгæ, Салигæрдæн (Алагир), Тæмиск æма иннæ гъæутæн.

Сæйрагдæр адтæй Дзæуæгигъæуæй Хъобани уæнгæ над, куд гæнæн æма амал адтæй, уотæ тагъддæр исаразун, æма уобæл хъазауатон куст кодтонцæ надаразгутæ. Еци кустити дусвæлдæхтæй фæллойнæ кодтонцæ гизæйлæгтæй цалдæр бригади Цæгæрати Гацири разамундæй. Гизæли гъæусовети æма партион организаций унаффæмæ гæсгæ, арæзтадæмæ адæм æрветуни гъуддæгутæ барæгонд адтæнцæ Дойати Дзахцийæн, æма хъæбæр хуарз арæхстæй æ бæрнон ихæстæ æнхæст кæнунмæ. Надаразгути еу бригадæн арæхстгин разамунд лæвардта Цæллагкати Бицой фурт Никъала.

Хъæбæр ихæлд æма зинцæуæн адтæнцæ нæдтæ Дзæуæгигъæуæй Гизæлмæ, уæлдайдæр ба уарунбони. Сауæнгæ ма зар дæр адтæй еци нæдти æдзæллаг уавæрбæл, уæрдунгинтæ си куд гъезæмарæ кодтонцæ, уой туххæй. Уомæ гæсгæ надаразгути багъудæй уæлдай хъазауатонæй байархайун, цæмæй Дзæуæгигъæуæй Хъобанмæ нæдтæ куд тагъддæр арæзт æрцудайуонцæ – уæд арæзтадон æрмæг, æфсæйнаг æма æндон конструкцитæ, сæрмагонд хæйттæ пъланмæ гæсгæ афойнадæбæл бунатмæ ласт цудайуонцæ. Надаразгути иннæ бригадæн разамунд лæвардта Танхълати Никъала. Е дæр хуарз арæхстæй æ ихæстæ æнхæст кæнунмæ.

Над арæзт цудæй сæрмагондæй ставд æма листæг хурæй, еуæй-еу рауæнти ба фæлгонцгонд цудæй сæрмагонд дорæй. Гизæлгоми Елхъани æрдози арæзтадæн радех кодтонцæ сæрмагонд гъæди хай (делянкæ) æма уордигæй æфтауцæгонд цудæй гъæдæрмæг рæстæгмæ хæдзæрттæ аразунæн. Уæхæн гъæди фæзуат хецæнгонд ку 'рцудæй, уæд арæзтади алли къабазæмæ дæр афойнадæбæл хъæртунгонд цудæй гъæугæ гъæдæрмæг.


БАЙМÆТАТИ Циппу

Уæдмæ еци устур арæзтади фæззиндтæнцæ, косгутæн цæрæн хæдзæрттæ ка аразта, уæхæн æрмдæснитæ. Аразтонцæ син хæдзæрттæ радио æма рохси хæццæ. Аразгутæн гъудæй хуæрæндонæ æма си уой дæр байгон кодтонцæ. Дзол æма æндæр хуæлцадон продукттæ имæ ласта Хадихъати Хадзибатæр æма уой разамундæй, Гизæли гъæуи «комбедæн» (Комитет бедноты – мæгурти Комитет) ци дзолфицæн адтæй, уордигæй Хъобани арæзтадæмæ афойнадæбæл хъæрттæй хуæрзадæ дзол. ГЭС-и арæзтади косгутæн байгон æй тукан дæр.

Гизæли игъустгонддæр лæгтæй еу, Танхълати Жоркæ (фæццардæй дууадæс æма цуппаринсæй анзи) куд дзурдта, уотемæй ин еу бон æ уæрдуни цемент исæвардтонцæ 1050 кили, æма домбай бæх Хъобанмæ ку бахъæрттæй, уæд æ хед ракалдæй. Уой хигъдхæссæг Гæлуати Бадджери ку рауидта, уæд Жоркæмæ уайдзæфи хузи исдзурдта:

– Циуавæр хабар æй, бæхи цæмæ марис, кæд фæууидтай бæхуæрдуни уойбæрцæ уаргъ æвæргæ?..

Изæри хæдзарæмæ цæугæй Жоркæ гъæдæй согтæ æ хæццæ раласта æма бабæй ибæл æгæр берæ цурхт рауадæй, æма æ фидæ Темурболат бæхи еци цъифæйдзагæй ку рауидта, уæд ин мæстгунæй загъта:

– Сæумæ еунæг бæх дæр мабал исефтиндзæ!..

Æма дуккаг бон кустмæ нæбал рацудæй. Зæронд лæг уотæ бангъалдта, æма æригон биццеу бæхбæл æгæр берæ сог ке ниццурхта, уой туххæй е уотæ исхед æй. Цемент ибæл æгæр берæ ке æрцурхтонцæ, уой ба Жоркæ гъæр дæр не 'скодта...

Хъæбæр берæ куст адтæй арæзтади æма си мингай адæймæгутæ фæллойнæ кодтонцæ. Еци арæзтадæ райдайуни размæ цæттæгæнæн куститæ, уæдта арæзтадон архайд æнхæстгонд цудæнцæ партий Цæгат Иристони обкоми разамундæй, уæлдайдæр ба обкоми уæди фиццаг секретарь Борухъуати Хъаурбеги фурт Хъазбеги устур хъæппæресадон архайди, е 'хседгæ зæрди хъаури фæрци.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма Гизæлдони ГЭС-и арæзтадæн берæ знæгтæ адтæй, аллихузи гадзирахат миутæй æ нихмæ ка архайдта, уæхæнттæ дæр. Цæгат Иристони арæзт ке цæуй, æвæдзи, уомæ гæсгæ имæ хъæбæр уазал цæстингас дардтонцæ Ростови Крайэнергой æма Мæскуй электропълани разамонгутæ, аллихузи рæуæнттæй æ нихмæ къулумпигæнæн архайд кодтонцæ. Уой фæдбæл æрхæсдзæнæн уæхæн дæнцæн. Цæветтонгæ, ГЭС-и проекттæ æма техникон смети гæгъæдитæ фиццаг исаразтонцæ Борухъуати Хъазбеги разамундæй бунæттон инженерти къуар, дуккаг хатт ба – Ростови Крайэнергой специалисттæ, уæдта Мæскуй инженерон къамис, гъома, лæмбунæгдæр сæбæл рагъуди кæнун гъæуй, цума хуæздæр гъæуагæ æнцæ æма сæмæ лæмбунæгдæр æркæсун гъæуй, зæгъгæ, уой рæуонæй, æма гъе уотемæй рæстæг ивазтонцæ, цæлхдортæ æвардтонцæ арæзтади нихмæ. Сæйрагдæр цæлхдор ба адтæй е, æма Грознай хецауадæ фиццаг исарази æй, уæдта бабæй сæ нæбал фæндадтæй Гизæлдони ГЭС еумæйаг хъауритæй исаразун. Иннердæмæ ниццавтонцæ, уомæн æма 35% финансон фæрæзнитæ гъæуама бахастайуонцæ бунæттон хецауадæ, 65% ба – центрон хецауадæ – Уæрæсе, рæуонæ кодтонцæ, нæхуæдтæ теплоэлектростанцæ аразунмæ гъавæн æма нин е фагæ уодзæнæй, нефти хауæццæгтæй ин артаг цæйбæрцæ гъæуй, уойбæрцæ уодзæнæй, æма нин асландæрбæл ниллæудзæнæй, зæгъгæ, уой хузи.

Уæхæн миути фудæй арæзтадæмæ, куд гъæуй, уотæ æвнæлд нæ цудæй. Фал еци гадзирахат миутæн хъаурæгин нихкъуæрд лæвардта Борухъуати Хъазбег, е Мæскуй Цæгат Иристони минæвайради хæццæ æвæллайгæй архайдта Гизæлдони ГЭС-и арæзтади фарста ралух кæнунбæл, цæмæй 1927 анзи бæсти устур арæзтæдти паддзахадон пъланмæ хаст æма арæзтадæн финансон

**Астсæдæ анзей размæ (1862) Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй иссугъдхуссунгæнæн гъæуайкæнуйнадæ. Еци анз ма Дзæуæгигъæуи байгон æй Терки сæрти Циуангин хед.**

*ахурæн, фæллад уадзунæн еугур равгитæ дæр ке ес, уой туххæй... Аци хабар цæмæдесаг уомæй æй, æма уæди рæстæгути рæстзæрдæ англисаг дзурдзæугæ адæймæгутæ раст зæрдихаттæй кастæнцæ нæ бæстæмæ. Уæд сæ нуриккон байзæдтæгтæ ба нæмæ знаги зæрдихатт цæмæн дарунцæ?*



фæрæзнитæ дехгонд æрцудайдæ, уобæл. Æнцад нæ бадтæй дæргъæвсаг рауон-циуон лæг, дессаги искурдиади хецау Баймæтати Циппу дæр. Е 1926 анзи сæрди астæу рабалци кодта Мæскумæ æма æ дессаги курдиади хæццæ исмедæг æй Кремли, уоми фембалдæй ССР Цæдеси Еугурцæдесон Центрон Æнхæстгæнæг Комитети иуонг, Цæгат Иристони æнхæстбаргин минæвар Калоти Заурбеги хæццæ.

Фæууидта И.В. Сталини дæр æма уой унаффæмæ гæсгæ æ къохи бафтудæй М.И. Калинини агъазæй арæзтади гъуддаг исирæзун кæнун. Фал ма ибæл архайун гъудæй, æма Иристони номдзуд лæгтæ гъуддаг æрдæгбæл нæ ниууагътонцæ. Уой фæрци 1927 анзи майи ССР Цæдеси Фæллойни æма Гъæуайкæнуйнади Совет унаффæ рахаста Гизæлдони райони гидроэлектростанцæ исаразуни туххæй.

Æма 1927 анзи июни еци арæзтади тогдадзинттæ æмхузонæй искустонцæ, сæ еугур къабæзти дæр ерисæй куст байеудагъ æй. Никки ба ма Борухъуати Хъазбегæн æ къохи бафтудæй дессаги хуарз гъуддаг – байархайдта, цæмæй æй исхононцæ Еугурцæдесон хъазауатон арæзтадæ. Æма партий циргъзунд унаффи фæрци адæм, фæсевæд нæ бæсти алли къумтæй цудæнцæ Гизæлдони ГЭС-и арæзтадæмæ косунмæ – ка фæскомцæдесон путевки хæццæ, ка барвæндонæй, ка ба партион-фæскомцæдесон оргæнти фæдзæхстæй.

Гъе уотæ исирæзтæй, нæ ниххустæй Гизæлдони арæзтади цæхæр.

Уомæн æма ин æ арæзтадон зинг рахуссун нæ бауагътонцæ, æ тæккæ зиндæр æма ахсгиагдæр гъуддæгути архайдтонцæ историон адæймæгутæ – нæ бæсти разамонгутæ Иосиф Сталин, Вячеслав Молотов, Валериан Куйбышев, Калоти Заурбег, Борухъуати Хъазбег, Еугурцæдесон Центрон Æнхæстгæнæг Комитет, ССР Цæдеси адæмон комиссарти Совети уæлдæр разамонгутæ, ССР Цæдеси адæмон хæдзаради Совет.

Арæзтадæ æ тæмæни ку бацудæй, уæд Гизæли гъæусовети разамундæй Дойати Дзæхцеу фондзинсæй косæги рарвиста арæзтадæмæ, уæдта, дугай бæхтæ кæмæ адтæй, уæхæн бричкæгунти.

Берæ гъæдæрмæг фадуни кустæ, бон-æхсæвæ не 'ртасгæй æнхæст кодта Пагæти Майрæм. Гъæдæрмæг цæттæгæнæн кустити, уæдта скълади хецауæй си арæхстгин куст кодта Хъассохати Уасил. Арæзтадон æрмæгутæ, косæнгæрзтæ ефтонггæнæг адтæй Бæройти Валоди æма æ дæлбарæ косгути хæццæ сæ æнæкъулумпийæй ласта Дзæуæгигъæуæй.

Устур ахедундзийнадæ адтæй Барахъти Бимболати кустæн арæзтади. Механикон æрмадзи хецау уогæй, еугур мадзæлттæй дæр архайдта, цæмæй арæзтади техникон хæйттæ æма косæнгæрзтæ фагæ уа, æма уони фудæй куст къулумпи ма кæна. Цалхæй, брички гуффæй, сауæнгæ бæхи цæфхади уæнгæ арæзт æма цалцæггонд цудæнцæ Барахъти Бимболати разамундæй. Хонх къæрт кæнуни кустити хъазауатон фæллойнæ фæккодтонцæ Хъотайти Вано. Кæд еци кустити æ къох фæссахъат æй, уæддæр е хуарз фæд ниууагъта арæзтади.

Ке зæгъун æй гъæуй, арæзтади берæ кизгæ фæсевæд куста Иристони алли гъæутæй. Æма уони æхсæн уæлдай хъæппæресгиндæрæй æхе равдиста Цæллагкати-Колити Лимæ Ивани кизгæ. Е куста электрон тухдæттæн æма бетонæзмæнтæн агрегатбæл, æ еугур хъауритæй дæр архайдта, цæмæй арæзтади еугур къабæзтæмæ дæр электрон тухæ æнæкъулумпийæй цудайдæ, уæдта аразгутæ гъæуагæ ма æййафтайуонцæ бетонæй.

Арæхстгин политикон, гъомбæладон æма æхсæнадон куст фæккодта арæзтади косгути хæццæ Хъодзати Заурбег, куд Цæгат Иристони хецауади æрвист бæрнон лæг, уотæ. Е федаргонд æрцудæй ГЭС-и арæзтади постройкоми сæрдарæй. Дзæвгарæ адтæнцæ æ ихæстæ æма уони гъæугæ хузи æнхæст кæнуни фæдбæл агъазиау берæвæрсуг куст фæккодта. ГЭС аразгутæн, куд сæ кусти æма фæллад уадзуни рæстæг, уотæ сæ царди еугур хабæрттæмæ дæр æ цæстæ лæмбунæг дардта аци профцæдесон разамонæг. Мадта арæзтади еугур къабæзти дæр социалистон ерис парахат кæнун æма мæ берæ æндæр фарстатæ лух кæнун дæр ихæсгонд адтæнцæ Хъодзай-фуртæн æма сæ, куд æнгъезуй, уотæ æнхæстæй аразта.

Ахсгиаг адтæнцæ тъунел аразуни кустitæ. Уой тухxæй ци хуæнхон куститæ банхæст кæнун гъудæй, уонæн сæ еугуремæн дæр разамунд лæвардта Дзуццати Арсен, Хонсар Иристонæй. Дууæ бригадей косгутæй беретæ раздæр фæллойнæ кодтонцæ нæдти арæзтади. Тъунели кусти ма архайдтонцæ Гæджити Миха – Сунжæй; Коккуати Гæхæрман, Коккуати Адулгери, Мисиккати Джамбот – Дæллаг Санибайæй; Туати Микадæ – Хумæллæгæй; Дзгойти Асо, Кокойти Мæхæмæт, Царахати Хъайтухъо – Хъæнийæй; Туати Резо – Хонсар Иристонæй; Багати Уасо, Багати Гоцъийæ, Багати Виктор, Багати Самсон, Тибилти Никъала – Ногирæй; Цорæти Никъала – Заманхъулæй; Тæбæхсæути Валоди, Лекъти Александр – Æрæдонæй; Æлдаттати Мисост – Брутæй; Хъабанти Габола, Мамукъати Габоци, Хæбæлати Тætæрхъан, Кочинати Роман – Ольгинскæй. 1930 анзи 26 июни тъунел къæрт кæнуни куститæ фæцæнцæ æма хуæнхаг гъæути цæргутæ цудæнцæ æ уинунмæ. Дессаг сæмæ кастæй, дууердигæй æй ке къахтонцæ Къæхтисæри æма Хъобани 'рдигæй æма сæ къохи куд бафтудæй еци æмæррæстæ искъахун. Нæдæр хæрдмæ, нæдæр фæрсæрдæмæ æгириддæр куд нæ фæррæдудæнцæ, е. Уомæй минкъий фæстæдæр, 1931 анзи ба фæцæнцæ дони мал аразуни куститæ дæр.

Къæхтисæри брензберги арæзтади кустити архайдтонцæ æмбесонди хъаури хецау Джиоти Микела, Торчинти Алигка, Дзбойти Абисал, Хъиргъати Урусби, Æхполæтти Савели, Æхполæтти Шамил, Андиати Петя, Абайти Гио, Гæбæрати Антъон, Гæбæрати Семен, Хугати Граф, Хугати Микела, Джелити Гришæ, уæдта Цорæти Ахполат. Къæхтисæри дони мал аразуни хъазауатон куст кодтонцæ Дегойти Алихан, Солтанти Уасил, Пурати Сослæнбег, Зассети Иналдихъо, Хугати Иван, Мкертумян Эдвин, Хъазити Дзантемур æма æндæртæ.



Электролинитæ арæзтади ерисон куст кодтонцæ Хадихъати Хазби (уæдта ма куста электрикæй сæйраг уæладзуги), Кундухати Гурица, Хъодзати Гайиши фурттæ Харитон æма Мишæ, Торчинти Урусби, Æлдаттати Тætæрхъан, Кудзиати Петр (уой фæсте куста ханхæхузæгæнæгæй техникон хайади), Голити Мурат, Махъоти Ханджери, Созæти Заурбег, Николай Шуваев, Гудиати Мурат. Сæ прораб ба адтæй Иван Бескоровойный, уой фæсте син прораб адтæй Торчинти Урусби. Сæйраг уæладзуги электрон косæнгæрзтæмæ зелуни рохс æма æндæр электрон куститæ арæхстгинæй æнхæст кодтонцæ хестæр электрик Коцойти Алихан, Огъуати Петя, Торчинти Хæмæтхъан, Хъодзати Урусби, Апати Сослан, Фидарати Михал, Гæджити Мæцихъо æма берæ æндæртæ.

ГЭС-и арæзтади алли къабæзти ма зæрдиаг куст фæккодтонцæ Дзуццати Аслæнихъо, Худиати Никъала, Цæруати Тебола, Цæруати Бабола, Цæруати Габола, Цæруати Нинæ, Джелити Мурад, Плити Хамурзæ, Цæбити Семен, Цæбити Къоста, Æмбалти Хаджумар, Дзебойти Созурухъо, Кодзурти Никъала, Уазити Увзихъо, Кодзурти Софья æма берæ æндæртæ.

Арæзтади косгути 'хсæн хъæбæр нимад адтæй сæ разамонæг Габолати Василийи фурт Давид, кодтонцæ ин устур аргъ. Е адтæй фиццаг инженер-энергетик Цæгат Иристони, каст фæцæй Мæскуй Баумани номбæл уæлдæр техникон училище.

Арæзтади 1930 анзи фæззиндтæй инсæй хуæдтолги æма еу трактор ХТЗ æма уой фæрци куститæ зингæ фæттагъддæр æнцæ. Арæзтади шофертæй косун райдæдтонцæ Джелити Костя, Джелити Гришæ, Чисиати Бобик, Æлдаттати Мисост, Хæбæлати Виктор, Хæбæлати Тætæрхъан, Хæдзарæгати Тох, Мамукъати Габо, Дзампати Бимболат, Зугъутати Костя æма берæ æндæртæ.

Ардæмæ фæскомцæдесон путевкити хæццæ ка æрбацудæй, еци æригон биццеутæ æма кизгуттæй 350-400 адтæнцæ социалистон ериси хъазауатонтæ. ФЕЛКЦ-и Мæздæги райкоми путевки хæццæ аци устур арæзтади куста Юрий Андропов, зонетæ 'й, уой фæсте иссæй номдзуд паддзахадон архайæг, сауæнгæ СЦКП-ий Центрон Комитети Генералон секретарь дæр адтæй.

Мадта ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма, аци арæзтади ци фæсевæд куста, уонæй беретæ иссæнцæ айдагъ Иристони нæ, фал æнæгъæнæ Советон Цæдеси номдзуддæр æма игъустгонддæр лæгтæ. Уони хæццæ æнцæ ССР Цæдеси адæмон артист Тæбæхсæути Бало, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети раздæри ректор, профессор Цибирти Христофор, Советон Цæдеси Бæгъатæртæ Остати Алексей æма Карсанти Хъазбег æма ма берæ æндæртæ.

Арæзтади куститæ æнтæстгинæй цудæнцæ, уомæн æма си байгон æй скъола, æ директор иссæй Томайти Инал. Уоми фæсевæди ахур кодтонцæ косæги дæсниæдтæбæл, æма уотемæй цæттæгонд цудæнцæ амайгутæ, фæрстæисæрдгутæ, малярте, пълотниктæ, электромонтертæ æма æндæр специалисттæ.

Еу инней фæсте ГЭС-и арæзтади сæйраг хæйттæ арæзт æма паддзахадон къамисмæ лæвæрд цудæнцæ: еугурей разæй – брензберг, уой фæсте, 1930 анзи 26 июни, тъунел, уæдта, 1931 анзи – дони бассейн, 1934 анзи ба – ГЭС-и сæйраг уæладзуг. Еци анз 30 июни эксплуатацимæ раттуни тухxæй фæлварæни хузи искосун кодтонцæ Гизæлдони гидроэлектростанцæ.

Цæгат Иристони автономибæл 1934 анзи дæс анзи æнхæст кодта, æма уой кадæн Гизæлдони ГЭС эксплуатацимæ раттуни фæдбæл арæзт бæрæгбони мадзæлтти архайунмæ Иристонмæ иссудæй ССР Цæдесон Центрон Æнхæстгæнæг Комитети сæрдар, Еугурцæдесон старостæ Михаил Ивани фурт Калинин. Хъобани уæд ци кадгин æмбурд арæзт æрцудæй, уордæмæ Иристони гъæутæй берæ адæм æрæмбурд æй, алкедæр фæндадтæй М.И. Калинини хæстæгмæ фæууинун.

Кадгин æмбурди радзубанди кæнгæй, М.И. Калинин устур арфæ ракодта ГЭС аразгутæн сæ хъазауатон кусти æма республики юбилеймæ устур лæвар ке бацæттæ кодтонцæ, уой тухxæй.

Æмбурди фæсте электростанцæ искосун кодтонцæ æма Иристони хуæнхти æма кæмтти амонди рохс цирæгътæ иссугъдæнцæ.

Гизæлдони ГЭС адтæй ССР Цæдеси уæди рæстæги тæккæ уникалондæр техникон арæзтадæ, Советон Цæдеси адæмон хæдзаради фиццаг фондзанзон пълани арæзтадæ, уæдта ГОЭЛРО-йи паддзахадон пъланмæ гæсгæ дæс-финддæс анземæ дæс æма инсæй районемæн ци электростанцитæ исаразунмæ гъавтонцæ, уонæй фиццаг дони электростанцæ.

Гизæлдони ГЭС промышленнон эксплуатацимæ лæвæрд æрцудæй æма промышленнон уавæри косун райдæдта 1934 анзи 25 сентябри.

Баймæтати Циппуй бæлдæ тæмæнтæ искалдта хуæнхти гъæбеси æма нур фондз æма цуппаринсæй анзей дæргъи адæмæн хæссуй амонди рохс.

***2005 анз***

**Æхсæзинсæй анзей размæ (1902) Дзæуæгигъæуи игонгонд æрцудæй æфсæнвæндагон транспорти техникум. Фондз æма фондзинсæй анзей размæ (1917 анзи) ба байгон æй Дзæуæгигъæуи нури æртиккаг еумæйаг-ахурадон скъола.**

*Ромен Роллан (1866-1944), францусаг финсæг: «Адæймаг гъæуама лæдæра, дуйней хецау æма фæлдесæг ке æй, æма зæнхæбæл ци æнамонд хабæрттæ цæуй, уони туххæй дзуапдæттæг ке æй. Уæдта æ хуарз гъуддæгути фæрци царди ци кадæ æма ном ес, етæ адæймаги ке 'нцæ...»*



# ХЪÆРÆМСАУХАЛТИ МУСТАФФÆ

Мустаффæ нæуæг уосхунд адтæй, æ уосæн ба адтæй æ хæццæ дигизæ мадæ.

Уæд Хъарцагъæуи фонсмæ Сарий ралæбурдтонцæ 'ма син сæ галгæстæ, сæ уорс дзогтæ æд фиййæуттæ, æд куйтæ фæттардтонцæ. Еунæг къуæдти битдзеу ма ниууагътонцæ, айæ мах цæмæн гъæуй, ци 'й кæнæн, зæгъгæ.

И къуæдти битдзеу хæтæлæй дæсни адтæй æма Хъарцагъæумæ уайун байдæдта. Ку нихъхъæрттæй и гъæумæ, уæд æ хæтæлæй ниццагъта: «Фæдес, Хъарцагъæуи адæм, Бохъур Сарий уин уæ галтæ æд галгæстæ, уæ уорс дзогтæ æд фиййæуттæ, æд куйтæ фæттæрунцæ».

Рацудæнцæ Хъарцагъæуи адæм тумугъ фæдесæй. Мустаффæмæ дигизæ мадæ бадзурдта:

– Мустаффæ, фæттæрунцæ уин уæ берæ фонс Бохъур Саритæ, фæццæунцæ Хъарцагъæуи адæм тумугъ фæдесæй, ду ба хусгæ ку байзадтæ.

Йе дæр йиммæ радзурдта:

– Бамæуадзæ, ме 'нæниййаргæ мадæ, дуйней фонсæй, дуйней хуссæг адгиндæр æй.

Уотемæй йиммæ æртæ дзурди бакæнуй, ходуйнаг æй, ходуйнаг, зæгъгæ. Æртиккаг дзурди ба ралæуирдта. Æ уорс цохъай думæггæгтæ æ астæубæл ралух кæнуй, æртæ хъатарай си хуæрзидзаг æрбакæнуй. Æ сау хъæрæймаг раскъæфуй, уайунтæ байдайуй. Хъарцагъæуи коми йибæл фембæлунцæ и фæдес сæ раздагъди æма йибæл айуан кæнунцæ:

– Мустаффæ дæр нурмæ æ уоси хæтдзæ фæххустæй, нур ба сæ цæгъддзæнæй, зæгъгæ.

Иссæмæхъæрттæй, 'ма йиммæ дзорунцæ:

– Мабал цо, Мустаффæ, и фæсæфцæг фæцæнцæ.

Йе дæр син загъта:

– Лæг ка 'й, е мæ фæсте рацæуæд, уосæ ка 'й, е ба Хъарцагъæуи хъахбай уоститæмæ цæуæд!

Æ фæсте цъеугъæргæнæг дæр нæ раздахтæй.

Æхуæдæг уайун байдæдта, 'ма син Хъобани цъæх цъетебæл сæ раз ниййахæста, æхсун сæ байдæдта. Ка куд хæстæгдæр адтæй, уотæ сæ æхста 'ма си финддæс рамардта, финддæс ба си цæфтæ фæккодта, иннетæ ба ралигъдæнцæ. Ку ралигъдæнцæ, уæд Хъарцагъæуи фонс фæстæмæ гур-гургæнгæ раздахтæнцæ æд галгæстæ, æд фиййæуттæ. Мустаффæн дæр æ уæраги æставд басастæй æма цъетей дудагъмæ нихххистæй.

Ку ниццудæнцæ Сарий адæм, уæд сæ æлдар бафарста:

– Уе 'хсæг нæ бабæрæг кодтайтæ, зæгъгæ.

Йетæ дæр ин загътонцæ:

– Неци бабæрæг кодтан.

Уæд сæ Сарий æлдар æ хæтдзæ рахудта. Цæуæн æдта 'й бабæрæг кæнæн, зæгъгæ. Иссимæцудæнцæ имæ æма 'й цъетей дудагъи иссердтонцæ æма йиммæ не 'ндиудтонцæ.

Йе дæр сæбæл æ хæтæл фентъухта:

– Цæмæй ма ми тæрсетæ, Бохъур Сарий, мæ хæтæлæн хуаллаг ку нæбал ес.

Уæд йиммæ æрцудæнцæ, æма си ка уотæ загъта:

– Æз æй раздæр цæвун, ме 'рвади мин рамардта.

Ка си уотæ загъта:

– Æз æй раздæр цæвун, мæ мади 'рвади мин рамардта.

Æма син æлдар загъта:

– Уотæ уæ мадæ, уæ фидæ фæррохсаг уа, æз уин йеу мард ма марун ци бауадздзæнæн, зæгъгæ, 'ма 'й æ фæсабæрцæ Сариймæ рахаста, уоми ба 'й Уотæрти даргъ мæсуги бакодта. Уордæмæ ин гъæдгоммæгæсгутæ байагурдта. Исдзæбæх æй, æма 'й уоми дардтонцæ.

Уæд æ дигизæ мадæ син сæ хабар игъосун райдæдта, Мустаффæ Сарий ахæст æй, зæгъгæ, æма Хъарцагъæуи дзæбæхтæбæл хæтун байдæдта 'ма сæ æрæмбурд кодта. Урусбити Хъургъохъ ба сæ тоггин адтæй, фал уæддæр хуарз лæг адтæй, æма 'й æрбахудта. Адæм ку æртумугъ æнцæ, уæдта æхе 'рвадæ Баггериймæ барвистонцæ:

– Мустаффи хабар Сарийæй цæуй, нур ба имæ цæугæ кæнæн, æма нæ хæтдзæ рауайæ, зæгъгæ.

Е дæр син загъта:

– Нæ фæццæуудзæнæн, сумах хеваст адæми муггаг айтæ 'ма неци бакæндзинан.

Ку нæбал æй уагътонцæ, уæдта син загъта:

– Кæд æфцæгæй æндæмæ унаффæ мæммæ уадздзинайтæ, уæд цæун.

Етæ дæр йин бадзурд кодтонцæ, ратдзинан дæмæ унаффæ, зæгъгæ.

Ранæхæстæр æнцæ Хъарцагъæуи берæ адæм устур æфсадæй: ракодтонцæ сæ хæццæ мин иуонæги хуаллагæн. Æфцæги уæнгæ унаффæгæнгæ фæццудæнцæ берæ адæм, уæдта сæ бафарста Баггерий:

– Нур мæмæ и унаффæ дæттетæ æви нæ?

Загътонцæ ин:

– Дæттæн дæмæ.

Æма рартаста Урусбийти Хъургъохъи хæццæ аст лæги, иннетæн ба ниффæдзахста:

– Мæнæ ами нади дууæ фарсемæ уæхецæн къæхтитæ искæнтæ, мæнæ и мин иуонæгемæй уæ ци гъæуй уой хуæретæ.

Уæдта син бафæдзахста:

– Аст бони æма мæ æхсæви бахезетæ æма æстæймаг бон ба цурд лæууетæ.

Бацудæнцæ Сариймæ 'ма сæмæ минæвар æрветун байдæдтонцæ: «Нæ ахæст нин, зæгъгæ». Етæ дæр син загътонцæ:

– Нæ финддæс лæги, нæ финддæс фадмизди, нæ ахæсти аргъ сæ хæццæ æнхæстæй раттетæ, 'ма уин уæ ахæст ратдзинан.

Аст бони æма аст æхсæви сæмæ минæвар минæварбæл фервиста æма сæ хуссун нæ бауагъта, уæдта син райарфæ кодта:

– Уой бæрцæ бафедун ба нæ бон нæй, æма хуæрзбон.

Сæхе, цæветтонгæ, рандæнцæ, уой хузи бавдистонцæ, сæхуæдтæ ба сæхе баримахстонцæ. Ку нихххустæнцæ, уой син ку радзурдтонцæ, уæд бацудæнцæ мæсуги бунмæ, æма имæ бадзурдтонцæ:

– Мустаффæ, дæ хабар ардиги ку цæуй, ранæмæкæсæ.

Æрсæмæкастæй, æма йин Баггерий загъта:

– Сариймæ æрветун минæвар аст бони æма аст æхсæви, фал мин уотæ зæгъуй: нæ финддæс лæги, нæ финддæс фадмизди 'ма нин нæ ахæсти аргъ æнхæстæй, 'ма дин уæ ахæст ратдзинан, зæгъгæ. Нур ба нæмæ уой фæлхауги ралæуерæ!

Йедæр син загъта:

– Гъай-гъай, мæ фæсте цъеу-гъæргæнæг нæ фæцæй, нур ба ку ралæуеринæ 'ма мæ мард дæр ами Сарий куйтæн хæлæйфаг ку фæууидæ.

Уæд йиммæ Урусбийти Хъургъохъ дзоруй:

– Дæ мард дин ами нæ ниууадздзинан, ранæмæлæуерæ.

'Ма йиммæ радзурдта Мустаффæ ба:

– Æй, Урусбийти Хъургъохъ, цæмæ мæмæ æрбацудтæ, тоггин ку адтан.

-Е дæр дин хатир æрцæудзæнæй дæ лæгдзийнадæмæ гæсгæ, æрмæмæлæуерæ.

Æрсæмæлæуирдта мæсуги сæрггагæй 'ма æ уæраг нæуæгæй нимморæ 'й. Давун æй байдæдтонцæ и аст лæги, 'ма син ниффæдзахста Баггерий:

– Хæссетæ 'й Хъарцагъæумæ, æфсадæн ба зæгъетæ: «Цурд лæууетæ!»

Æхуæдæг ба Сарий бахизта бонивайæни уæнгæ, бонивайæни ба сæмæ бадзурдта:

– Уæ, Сарий, уæ ахæст фæлледзуй.

Ралæуирдтонцæ йеци фестæй сæ салдзабури зæрæндти, уæгъдæ рæнттæй. Йе дæр син лигъдæй, йетæ дæр æй сурдтонцæ. Æнгæс кæми уидæ, уоми къулухæй бауайидæ, фæсауоун ба маргъау батæхидæ. Уотемæй сæ æфсади астæумæ æрхъæртун кодта, уæдта сæмæ фæстæмæ æхе фæххадта æма сæ фехста. Æфсад дæр къæхтитæй ислæстæнцæ æма Сарий адæми ниццагътонцæ. Хъарцагъæуи адæм, сæ хуаллагæй ка рауæлдай æй, йеци иуонгутæ дигизайæн равардтонцæ, Мустаффæ дæр рамардæй.

*Аци таурæхъ радзурдта БУДАЙТИ Дзаххо (1937 анзи июни). Рамухур æй кодтан САЛÆГАТИ Зойи аразт дууæтомон æмбурдгонд «Ирон адæмон сфæлдыстад»-æй, уоми куд финст æрцудæй, уотемæй.*

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№ 2139**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 21.10.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 21.10.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**